*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 60 (25789)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 8 апрел — хуымгæнæны мæйы 8 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ФÆСИВÆДОН ПОЛИТИКÆ
*Рæзгæ фæлтæрмæ — фылдæр æргом*

**3** ЮБИЛЕЙ
*Ахуыргонды сфæлдыстад*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Оперативон штабы æмбырдæй**

## Бадзырдон службæйы фæтк æмæ æндæр фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд Сæрмагонд республикон оперативон штабы (арæзт æрцыд Уæрæсейы Президенты 2022 азы 19 октябры фидаргонд Указæй) радон æмбырд.**



Штабы уæнгтæ æрдзырдтой æфсæнвæндаджы транспорты куысты æдасдзинады къæпхæн бæрзонддæр кæныныл, бадзырды бындурыл æфсæддон службæйы фæткыл, стæй æндæр ахсджиаг фарстатыл.

Фембæлды архайдтой профилон министрадты минæвæрттæ, тыхы æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты разамонджытæ, стæй акционерон æхсæнад "Уæрæсейы æфсæнвæндæгтæ"-йы бæрнон кусджытæ.

Цæгат Кавказы æфсæнвæндаджы сæйраг инженеры хæдивæг **Павел Романенко** йæ раныхасы бæстон æрлæууыд, Цæгат Ирыстоны æфсæнвæндаджы инфраструктурæйы объектты æдасдзинад бахъахъхъæнынæн цы уæлæмхасæн мадзæлттæ арæзт цæуы, ууыл.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** æмæ республикæйы æфсæдддон комиссары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Абрил Абдуллаев** та радзырдтой, Гæрзифтонг тыхтæм бадзырды бындурыл граждæнты æрвитыны фæтк куыд æххæстгонд цæуы, уый тыххæй. Профилон ведомствæты минæвæрттæ ныхасмæ гæсгæ, ацы куыст цæуы æнæкъуылымпытæй, сæрмагонд пъланы бындурыл.

Æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло штабы уæнгтæм фæсидт, цæмæй, адæмы æдасдзинад бахъахъхъæныны сæраппонд Президент Владимир Путин тыхы ведомствæтæ æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты размæ цы нысантæ æвæры, уыдон æххæст кæнынмæ уæлдай бæрнон цæстæнгас равдисой.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Нымæцтæ**

## Пенсимæ — раздæр

**Нæ республикæйы бирæсывæллонджын мадæлтæй 4,5 мин адæймаджы пенсимæ афонæй раздæр ацыдысты æмæ систы, фæдзæхстадон пенси раздæр исын чи райдыдта, уыдонæй.**

Уыцы нымæцæй 4,1 мин сты, фондз æмæ уымæй фылдæр сывæллæттæ чи схъомыл кодта, ахæм сылгоймæгтæ. Ацы къордмæ хауæг мадæлтæн пенсимæ раздæр ацæуын сæ бон у 50 азæй. Уымæй уæлдай, пенсийы афоны æмгъуыдæй раздæр ацыдысты, æртæ æмæ цыппар сывæллоны кæмæн ис, ахæм мадæлтæ — 294 адæймаджы. Ацы нормæ 2021 азы фидаргонд æрцыд закъоны бындурыл. Ныр æртæ сывæллоны мадæн фадат ис пенсийы æртæ азы раздæр ацæуынæн, цыппар сывæллоны мадæлтæн та — цыппар азы раздæр.

Бæрæг бæлвырд кармæ схизынæй уæлдай, льготон пенси исыны бар ис, бирæсывæллонджын мадæлтæй 8 азы онг сывæллон чи хъомыл кæны, йæ фæллойадон стаж 15 азы кæмæн у, уыдонæн. Фæдзæхстадон стажы хыгъдмæ хаст цæуынц канд фæллойы нæ, фæлæ афæдз æмæ æрдæг сывæллæттæм кæсыны рæстæджытæ дæр, иумæйагæй 6 азæй фылдæр нæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Парламентæй**

## Депутаттæн адæмимæ æнгом бастдзинадæй хуыздæр ницы ис

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæн сæ закъонæвæрынадон архайды цы ног фæтк æрфидар, уымæ гæсгæ, мæй иу хатт советы уæнгтæ æрæмбырд вæййынц республикæйы районтæй иуы æмæ æрныхас кæнынц йæ уавæрыл, бынæтты уæвгæйæ, æркæсынц хъуыддæгтæм æмæ рахæссынц фидæнмæ бæлвырд нысантæ. Ацы хатт Парламенты депутаттæн сæ кусæн балц уыд Рахизфарсы районмæ.

Советы æмбырд гом кæнгæйæ, Тускъаты Таймураз бафиппайдта, республикæйы царды район кæй ахсы ахсджиаг бынат æмæ бæрæг кæй дары, цы кадджын историон цаутæ дзы уыд, æмæ дзы цы разагъды лæгтæ рацыд, уыдонæй.

— Рахизфарсы район Ирыстон æмæ нæ бæстæйæн радта Советон Цæдисы 9 Хъæбатыры æмæ Социалистон Фæллойы 7 Хъæбатыры, сæ нæмттæ алкæмæн дæр сты зындгонд. Иннæ ахæм — Цæлыччы донхорыггæнæн къанау. 1940 азы уый арæзт æрцыд æхсæрдæс бонмæ, æмæ уый диссаг куыд нæу!" — загъта Парламенты Сæрдар.

Районы социалон-экономикон рæзты тыххæй, ивгъуыд азы дæргъы национ проекттæ куыд æххæстгонд цыдысты æмæ сæм фидæнмæ цавæр нысантæ ис, уый тыххæй æмбырды раныхас кодта Рахизфарсы районы муниципалон сконды сæргълæууæг **Фрайты Сослан**. Куыд загъта, афтæмæй, фæсарæйнаг санкциты аххосæй ивгъуыд аз алкæмæн дæр уыд уæззау, фæлæ уæддæр, социалон-экономикон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, район йæ размæ æвæрд хæстæ сæххæст кодта. Районы бюджеты хи æфтиæгтæ, 2021 азимæ абаргæйæ, фæфылдæр сты 63 милуан сомæй. Уымæй уæлдай, ранымайгæнæг бафиппайдта, Беслæны райрæзты социалон-экономикон генералон пъланы цы нысантæ æвæрд ис, уыдон æнтыстджынæй æххæстгонд кæй цæуынц, уый. Уыдонмæ хауынц: ног скъолаты, рæвдауæндæтты, уæлæмхасæн ахуырады объектты, хъæуты культурæйы хæдзæрттты арæзтад, медицинон кусæндæтты, фæндæгты цалцæг, горæты донуадзæнты, фæндæгты рацарæзт æмæ æндæр куыстытæ.



(Кæрон 2 фарсыл)

**Форум**

## Национ нысантæ æххæст кæнынæн

**Уæрæсейы Стратегион фæндæтты агентад æмæ фонд "Росконгресс" фадæттæ кæмæн аразынц, цæгатирыстойнæгты хонынц ахæм 3-аг æппæтуæрæсеон форум "Ног рæстæгæн — тыхджын хъуыдытæ"-йы архайынмæ.**

Æрвылаз кæй аразынц, уыцы форумы сæйраг хæс у нæ бæстæйы хæдбардзинад фидар кæнынæн æмæ национ нысантæ æххæст кæнынæн ахъазгæнæг фæндæттæ æмæ проекттæ раргом кæнын, стæй сæ баххæст кæнынæн æххуыс кæнын.

Фæндæттæ æмбырд кæнынц мæнæ ахæм къабæзтæм гæсгæ: амалиуæгад, нымæцон лæггæдтæ, стæй национ социалон, кадрон, технологон æмæ экологон фæндæттæ.

Алы адæймагæн дæр ис ацы азы 26 апрелы æмгъуыдмæ хи фæндон кроудплатформæ ideas.roscongress.ord-мæ барвитыны бар.

Хъуыдытæ æвзардзысты къæпхæнгай. Раздæр равзардзысты мин хуыздæр хъуыдыйы. Фæстæдæр адонæй рабæрæг уыдзысты 200 хуыздæр хъуыдыйы. Майы кæронмæ Стратегион фæндæтты агентады экспертон совет сбæлвырд кæндзæн 100 хуыздæр хъуыдыйы, июны та форумы комкоммæ хайы рæстæг Уæрæсейы Президентæн бавдисдзысты дæс ахъазгæдæр фæндоны.

**Нæ уацхæссæг**

**Мæскуы — Дзæуджыхъæу: сфæлдыстадон тæгтæ**

## Евгений Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндагыл...

**Зындгонд театралон режиссер Евгений Вахтанговы дзæуджыхъæуккаг хæдзар-музей байгом кæныны бон куыд æвваxсдæр кæны, афтæ бæлвырдгонд цæуы уыцы ахсджиаг культурон-историон цауы кадæн саразинаг сфæлдыстадон фембæлдтыты, спектаклты, концерттæ æмæ æндæр ахæм сфæлдыстадон мадзæлтты программæ.**

Уый тыххæй "Рæстдзинад"-æн фехъусын кодта Евгений Вахтанговы номыл Мæскуыйы академион театры пресс-атташе **Еленæ Кузьмина**.

Театры минæвары ныхасмæ гæсгæ, бæрæгбоны мадзæлтты программæмæ ныридæгæн бахастой 16 алыхуызон сфæлдыстадон мадзалы.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Евгений Вахтанговы дзæуджыхъæуккаг хæдзар-музей байгом кæныны фæдыл кадджын æмбырд арæзт æрцæудзæн 30 апрелы. Уыцы изæр Сæрибары фæзы Дзæуджыхъæуы цæрджытæ æмæ горæты уазджытæ бакæсдзысты концерт "Евгений Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндагыл"-мæ. Уыцы аивадон мадзалы архайджытæ суыдзысты мæскуыйаг æмæ дзæуджыхъæуккаг артисттæ æмæ сфæлдыстадон коллективтæ.



Вахтанговы хæдзар

Хæдзар-музей йæ куыст райдайдзæн 2 майы. Фыццаджы-фыццагдæр, аивадуарзджытæ базонгæ уыдзысты, хæдзары дыккаг уæладзыджы цы театралон экспозицитæ байгом уа, уыдонимæ. Равдыстытæ бацæттæ кæныныл чи кусы, уыцы специалисттæ зæрдæ æвæрынц, экспозицийы æрмæджытæ хæдбындур æмæ, театралон аивадмæ æмхиц чи у, уыцы адæмæн цымыдисаг кæй уыдзысты, уымæй.

3 майы та бæстыхайы кусын райдайдзæн "арт-кафе". Уыцы изæр уым сценæмæ рацæудзæн зындгонд актер **Евгений Князев**. Ирыстойнаг аивадуарзджытæн уыдзæн артисты цард æмæ сфæлдыстадимæ бæстондæр базонгæ уæвыны фадат. Уый фæстæ къуырийы дæргъы "арт-кафейы" ахæм сфæлдыстадон фембæлдтыты архайджытæ суыдзысты Евгений Вахтанговы номыл мæскуыйаг театры артисттæ: **Юлия Рутберг, Маринæ Есипенко, Александр Олешко, Юрий Шлыков, Людмилæ Максакова, Ольгæ Тумайкина, Еленæ Сотникова, Михаил Васьков, Эльдар Трамов, Игорь Караташев** æмæ иннæтæ.



Кирилл КРОК

Æмæ æрмæст ахæм фембæлдтытæ нæ. Сæрмагонд федералон программæ "Стыр гастролтæ"-йы (æххæст æй кæны компани "Росконцерт") фæлгæты "вахтанговонтæ" Дзæуджыхъæуы равдисдзысты цалдæр спектаклы дæр. Зæгъæм, ахæмтæ: **"Евгений Онегин (3-4 майы), "Мадемуазель Нитуш" (5-6 майы), "Царь Эдип" (7-8 майы) æвдыст цæудзысты Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл академион театры сценæйыл; "Ричард III" (3 æмæ 4 майы), "Аленький цветочек" (4 æмæ 6 майы 12 сахатыл), "Дневник Анны Франк" (5 æмæ 6 майы) æмæ "Любовь у трона" (7 æмæ 8 майы) — Евгений Вахтанговы номыл дзæуджыхъæуккаг театры сценæйыл.**

Уымæй уæлдай, мæскуыйаг "вахтанговонты" Дзæуджыхъæумæ сфæлдыстадон балцы рæстæг арæзт æрцæудзæн æндæр цымыдисаг фембæлдтытæ дæр.



Ныв спектакл "Евгений Онегин"-æй

Вахтанговы номыл мæскуыйаг театры директор Кирилл Крокы ныхасмæ гæсгæ, хъуыстгонд режиссеры хæдзар-музей байгом кæныны хъæппæрис баст у йæ райгуырды 140 азимæ. Уыимæ, директор куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ног культурон центры цалцæг æмæ ифтонгады куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты театрæн йæхи фæрæзтæй.

"Нæ фæнд у, цæмæй Евгений Вахтанговы хæдзар-музей суа, йæ ахадындзинад цымыдисаг æмæ егъау кæмæн уа, ахæм культурон центр (уыдзæн нæ театры дзæуджыхъæуккаг дæлхайад). Культурон центры дыккаг уæладзыджы иудадзыгон фæткы бындурыл æвдыст цæудзысты театралон-музейон экспозицитæ, фыццаг уæладзыджы та кусдзæн театралон-концертон зал. Дызæрдыг нæ кæнын, ацы проект Мæскуы æмæ Дзæуджыхъæуы æнгом сфæлдыстадон æмгуыстады ирд æвдисæн кæй суыдзæн, ууыл. Ныртæккæ та уал æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсæм ирыстойнаг аивадуарзджытимæ фембæлдтытæм", — радзырдта нын Евгений Вахтанговы номыл мæскуыйаг академион театры директор, Уæрæсейы аивæдты сгуыхт архайæг **Кирилл Крок**.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Цалцæг**

## Скъолайæн — ног хуыз

**Мæздæджы районы станицæ Павлодольскаяйы бындурон цалцæджы фæстæ байгом скъола. Кадджын уавæры архайдтой нæ Республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады, бындурон арæзтады управленийы æмæ районы хицауады минæвæрттæ.**



Станицæйы цæрджытæ зæрдиагæй сæмбæлдысты сæ уазджытыл, бузныджы ныхæстæ се сфæлдыстадон равдысты фæрцы загътой аразджытæн æмæ, ацы стыр вазыгджын хъуыддагмæ бар чи дардта, уыдонæн. Цалцæджы куыстытæ объекты хъуамæ дыууæ азы цыдаиккой, фæлæ подрядчикы фæндонмæ гæсгæ куыстытæ фесты раздæр.

— Нæ республикæйы Сæргълæууæг нын бахæс кодта сывæллæтты ныййарджытимæ бастдзинад дарын æмæ, скъолайы хуыздæр цавæр фадæттæ саразæн ис, уыцы хъуыддæгтæ иумæ равзарын. Æппæт фарстатыл дæр æмзондæй бацархайдтам æмæ не 'ппæт дæр разыйæ баззадыстæм, — загъта подрядон организацийы сæргълæууæг **Гæззаты Владимир**.

Мадзалы архайджытæ экскурсийы хуызы æрзылдысты ног цалцæггонд скъолайыл, æмæ сын директор **Людмилæ Сипович** бæстон радзырдта, подрядчикимæ кабинеттæ æмæ кълæстæ ифтонг кæныныл куыд архайдтой, уый тыххæй.

Скъола у 650 бынатимæ, æмæ дзы абон ис æппæт хъæугæ фадæттæ дæр хæрзхъæд æмæ уæлæмхасæн ахуырадæн. Сæрыстыр сты, 100 адæймагæн къæбæр бахæрыны хуыздæр уавæртæ кæм ис, уыцы хæрæндонæй дæр.

— Æмгъуыдæй афæдз раздæр подрядон организаци йæ хæстæ бæрнонæй сæххæст кодта, æмæ цин кæнæм мæнæ ахæм райдзаст æмæ æппæты хуыздæр фадæттимæ скъолайыл, — загъта РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк.**

**РУБАЙТЫ Зæринæ**

**Дзырды фарн**

*Хорз чызг хъуамæ фæстæмæ ма дзура.*

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **8 апрелы,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **7-12 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **8-10 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,06

**Хурыскаст** — 05,30
**Хурныгуылд** — 18,36

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 77,66↑
**Евро** — 84,47↑

12+

Президенты Указæй

# Паддзахадон хæрзиуджытæ лæгдзинады тыххæй



**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд, нæ республикæйæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ чи фæмард, уыцы хæстонты бинонтимæ, ратæфæрфæс сын кодта æмæ сын радта паддзахадон хæрзиуджытæ.**

Уæрæсейы Президенты Указмæ гæсгæ се 'фсæддон хæс æххæстгæнгæйæ стыр лæгдзинад æмæ æхсар кæй равдыстой, уый фæдыл "Хъæбатырдзинады" ордентæй хорзæхджын æрцыдысты (мæлæты фæстæ):

хистæр лейтенант **Джиоты Сосланы фырт Андрей**;

хистæр лейтенант **Дряты Гамлеты фырт Энвер**;

хистæр лейтенант **Хуыгаты Аланы фырт Артур**;

кæстæр сержант **Абрашкин Евгений Николайы фырт**;

сержант **Кончаков Дмитрий Александры фырт**;

хæстон **Жидаты Феликсы фырт Виктор**.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Фæсивæдон политикæ

# Рæзгæ фæлтæрмæ — фылдæр æргом

**Фæсивæдыл лæууы нæ абоны цард, нæ сомбон, нæ адæмы фидæн. Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сарæзтыл цæуы æртын азмæ æввахс, уæдæй абонмæ йæ хайæдтæ кусынц республикæйы районты.**

Кировы районы хайады сæргълæууæг **Кобесты Алинæ** куыд зæгъы, афтæмæй архайд у сæрмагонд муниципалон программæмæ гæсгæ. Æртæ азы иу хатт уый цæуы ивд. Раздæр районы хъæуты уыд штабтæ, ныр æрмæст Елхоты ис фæсивæды фарстаты фæдыл специалист.

Кæрдзыны, Змейкæйы æмæ Елхоты фæсивæдæн ис фадæттæ сæ галуанты спорты алы хуызты архайынæн. Сарæзтой бынæттон командæтæ футболæй, волейболæй, баскетболæй, дзюдойæ, тхэквондойæ. Фæсивæд дзы архайынц зæрдæрайгæйæ. Арæх сын вæййы фембæлдтытæ иннæ районты командæтимæ. Ууыл сæ архайд нæ фæвæййы, ерыстæм ацæуынц Кавказы æмæ Уæрæсейы иннæ регионтæм, стæй æндæр паддзахæдтæм.

Елхотæй бирæ фæзминаг фæсивæд рацыди, уыдон сты æхсæнадон цард араздзытæ. Сæ иу — **Бицъоты Георг**и. Иттæг хорз ахуыр кодта скъолайы, ныр у Мæскуыйы Тимирязевы номыл институты студент, сарæзта Кировы районы хъæууонхæдзарадон рæзты проект. 2022 азы ссис студентты парламентон клубы лауреат.

Раппæлинаг у колледжы ахуырдзау **Димæ Лехтерев** дæр.

Хайадæн хорз бастдзинæдтæ ис районы Стыр Ныхасы æмæ Ветеранты комитетимæ, æппынæдзух аразынц патриотизмы æмæ лæгдзинады уроктæ. Районы ис æрыгæтты центр, йæ разамонæг **Зассеты Аланæ**. Уый руаджы фæсивæдæн ис фадат сæ курдиат райхалынæн. Психологты æххуыс куы бахъæуа, уæд уымæ дæр цæттæ сты ам.

Царды раст фæндагæй чи фæиппæрд вæййы, уыдонимæ кусынц психологтæ æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты минæвæрттæ. Аразынц тренингтæ, равдисынц роликтæ. Арæх вæййынц районы скъолаты, уыцы куыст ахъаз у æрыгон фæлтæры хъомылады.

**ДЖУСОЙТЫ Майæ, æхсæнадон уацхæссæг**

Аудынад

# "Иугонд Уæрæсе"-йы æххуыс ног регионтæн

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы фыццаг бонтæй фæстæмæ "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайæдтæ баиу кодтой сæ хъарутæ ног регионтæ æмæ æфсæддон операцийы архайæг æфсæддонтæн æххуысæн. Уыцы рæстæг парти Донецк æмæ Луганскы адæмон республикæтæ, Херсон æмæ Запорожьейы облæсттæн гуманитарон æххуыс арвыста 20 мин тоннæйæ фылдæр. Уыцы æххуыс райсынæн ног регионты арæзт æрцыд 25 гуманитарон центры.**

Æрвылбон егъау уæзласæн машинæтæ алыхуызон продукттæ, уæлæдарæс, царды иудадзыг хъæугæ товартæ æмæ хостимæ æрвыст æрцæуынц бæстæйы алы кæнецк æмæ Луганскмæ. "Иугонд Уæрæсе" гуманитарон æххуысы ног регионты кусынц дохтыртæ-волонтертæ — æгас Уæрæсейæ — 800 медицинон кусæджы. Парти уæлдай æрарæзтадон уæззау техникæ.

— Хæстон архайды бынæттæм арвыстой сæдæгай æнæтæхæг аппараты æмæ æндæр техникæ, — зæгъы "Иугонд Уæрæсе"-йы волонтерон регионалон центры разамонæг **Едзойты Марат.**

— Партийы хъæппæрисæй зымæджы арæзт æрцыд акци "Хъæбатыræн хъарм кæнынæн", æмæ хæстонтæн арвыстам



рæттæй. Уыцы гуманитарон æххуыс бынæтты байуарынил архайынц "Иугонд Уæрæсейы Æрыгон гварди"-йы æмæ "Волонтерон ротæ"-йы уæнгтæ.

Партийы гуманитарон æххуысы зæрдиагæй чи архайы, уыдоны нымæц 1,5 мин адæймагæй фылдæр кæм ис, ахæм ног десант дохтыртæ æмæ рынчындæттæн æххуысмæ ацыдысты Мариупол, Догом здахы карз тохты архайджытæн æххуысмæ. Æфсæддонтæн æлхæны уæлæмхасæн уæлæдарæс, сæрмагонд техникæ æмæ автотранспорт. "Иугонд Уæрæсе" карз тохты бынæттæм фæхæццæ кодта 1,5 минæй фылдæр радиостанцæтæ, сæдæгай квадрокоптеры, æхсæвы уынæн прибортæ, тепловизортæ, генератортæ, бронеавтотраспорт æмæ хъарм уæлæдарæс, республикæйы сылгоймæгтæ цы тæбынцъындатæ быдтой, уыдон. Æнæрхъуыдыйæ нæ уадзæм, рæстæгмæйы цæрæн пунктты нæм цы уазджытæ ис, уыдоны дæр. Афтæ 8 Мартъийы уалдзыгон дидинджытæй сæ зæрдæ барухс кодтам сылгоймæгтæн", — загъта Едзойы-фырт..

**САНАТЫ Альбинæ**

УФ-йы Æхсæнадон палатæйы хъусынгæнинаг

# Цæстдарæг къамисы ног уæнгтæ

**"Ахст адæмы бартæ хъахъхъæнынмæ æхсæнадон цæстдард æмæ ахæм адæмæн æххуыс кæныны тыххæй" федералон 76-æм закъоны (фидаргонд æрцыд 2008 азы 10 июны) бындурыл Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æхсæнадон цæстдарæг къамисы уæнгтæй нысангонд æрцыдысты: Дзахсорты Таймураз Тимофейы фырт æмæ Томайты Марат Владимиры фырт.**

**Ахæм уынаффæ УФ-йы Æхсæнадон палатæ сфидар кодта 2022 азы 1 июлы.**

Конференци

# Ныхас — медицинæйы фарстатыл

**Дзæуджыхъæуы йæ куыст æххæст кодта дерматологты, венерологты æмæ косметологты конференци. Курдиатджын дохтыртæ бакастысты докладтæ, байхъуыстой федералон спикертæм, уыимæ, лæвæрд æрцыдысты Кады гæххæттытæ.**

Конференцийы райдайæны арфæйы ныхæстæ загъта Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы ректор **Олег Ремизов**:

— Тынг æхсызгон мын у, ахæм ахсджиаг мадзал Ирыстоны кæй цæуы, уый. Зæрдиагæй арфæ кæнын конференцийы архайджытæн. Дерматологтæ, венерологтæ æмæ косметологтæ хауынц медицинæйы ахæм къабæзтæм, кæцытæ тагъд над"-ы Цæгат Ирыстоны хайады, РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады, Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады "Паддзахадон наукон центр"-ы, Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы дерматовенерологон кафедрæйы æмæ РЦИ-Аланийы "Царм æмæ венерологон диспансер"-ы хъæппæрисæй.




рæзынц. Цы ивддзинæдтæ хæссынц семæ, уыдон адæмæн дæттынц хуыздæр медицинон æххуыс. Конференцийы наукон программæйы фæрцы бæлвырдæй бамбардзыстут медицинæйы ацы къабæзты ахсджиаг æмæ хъæугæ фарстатæ. Мæ зæрдыл дарын, ацы мадзал уæ профессионалон миниуджыты райрæзтæн пайдайаг кæй уыдзæн, уый.

Уæлдай хорз зонындзинæдтæ равдисыны тыххæй Кады гæххæттытæй хорзæхджын æрцыдысты нæ республикæйы дæсны дерматологтæ: **Дзæхаты Дзерассæ**, **Ламарæ Габаридзе**, **Белыккаты Зæлинæ**, **Пухаты Людмилæ** æмæ иннæтæ.

Конференци арæзт æрцыд "Уæрæсейы дерматологты, венерологты æмæ косметологты æхсæ-

Наукон программæйы фæлгæты, каст æрцыдысты докладтæ ахсджиаг темæтыл. Уыдон дихгонд уыдысты секцитæм гæсгæ. Зæгъæм, "Медицинон æххуыс дерматовенерологийы къабазы". Ам докладтæ кастысты, куыд йæ райрæзты тыххæй нæ республикæйы, афтæ йæ куыст Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады дæлбар организацитимæ дæр. Уыимæ, хицæн секциты ныхас цыд дерматовенерологийы къабазмæ хауæг низтыл, ам докладтæ кастысты эксперттæ, куыд Дзæуджыхъæуæй, афтæ Мæскуы æмæ иннæ сахартæй дæр.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

**Къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

# Депутаттæн адæмимæ æнгом бастдзинадæй хуыздæр ницы ис

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Рахизфарсы районы хъæууон хæдзарады уавæрыл æмæ, йæ рæзтæн цавæр гæнæнтæ ис, уый фæдыл доклад скодта Парламенты аграрон æмæ зæххы политикæйы, экологи æмæ æрдзон фæрæзты комитеты сæрдар **Качараты Олег**. Куыд загъта, афтæмæй районы кусынц 134 куыстуаты. Хъæууон хæдзарады къабазы размæцыдæн инвестортæ ивгъуыд аз бавæрдтой 304 милуан сомы. Сæ архайд рапарахат кæнынæн 16 хиамалхъомæн лæвæрд æрцыд 30 милуан сомы аргъ субсидитæ. "Фæлæ æрдзон уавæртæ æмæ æндæр аххосæгтæм гæсгæ, ивгъуыд азимæ абаргæйæ, хоры тыллæг фæкъаддæр", — загъта раныхасгæнæг. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, республикæйы Хъæууон хæдзарады министрадæн хъæуы бауынаффæ кæнын, цæмæй районы аграрон къабазæн баххуыс кæной грантæ æмæ субсидитæ дæттыны хуызы.

Рахизфарсы районы социалон политикæйы фарстаты тыххæй ныхас кодта Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**. Раныхасгæнæг йе 'ргом аздæхта районы дæсны медицинон кусджытæ цæттæ кæныны фарстамæ, дохтыртæ æмæ медицинон кусджыты иудадзыгон ахуырадмæ, фелсырон-акушерон пункттæ аразыны æмæ, 100 адæймагæй къаддæр кæм ис, ахæм цæрæн бынæттæм цæугæ медицинон комплекстæ æрвитыны фарстамæ.

Æртæ доклады фæдыл советы уæнгтæ рахастой ноджыдæр сыл бæстонæй бакусыны æмæ сæм Парламенты радон æмбырды æркæсыны уынаффæ.

Парламенты закъонæвæрынады, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан** æркæсынмæ цы дыууæ федералон закъоны проекты рахаста, уым сæ иуы ныхас цыд сæрмагонд æфсæддон операцийы æппæт архайджытæн æмæ сæ бинонтæн бахъуаджы лæвар юридикон æххуыс кæныныл, иннæйы та — паддзахадон сусæгдзинад бахъахъхъæнины тыххæй уæлæмхасæн закъонæвæрынадон мадзæлттæ сфидар кæныныл. Ацы закъоны проектæй фылдæргонд цæуынц паддзахадон сусæгдзинад бахъахъхъæнины фæдыл Уæрæсейы Президенты æмæ фарстайыл бæрнон адæймæгты бартæ. Уымæй уæлдай дзы ныхас цæуы Уæрæсейы Федерацийæ æддæмæ æмæ йæм мидæмæ цæуыны уагæвæрдыл. Фарста у уæлдай ахсджиаг, ныртæккæ сæрмагонд æфсæддон операци кæй цæуы, уый нымайгæйæ.

"Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы транспорты хъалоны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы 4-æм Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект æркæсынмæ рахаста Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег.** Закъоны проектмæ гæсгæ, 150 бæхы хъаруйæ фылдæр йæ тых кæмæн нæу, ахæм машинæты хицæуттæ — сæрмагонд хæстон операцийы архайджытæ — транспорты хъалон фидынæй уыдзысты уæгъдгонд.

Социалон нысаниуæг кæмæн ис, къорд ахæм федералон закъонты проекттæ советы уæнгтæн сæ размæ рахаста **Реуазты Ларисæ** дæр. Закъонæвæрынадон хъæппæристæ баст уыдысты: хæстон цауты ветерантæн, уыимæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн коммуналон лæггæдтæ фидынæй (компенсацийы 50 процентæй) баххуыс кæнынимæ; сæ хæдзардарæг æрсидты кæмæн ацыд, афтæмæй гыццыл сывæллæттæ кæмæн ис, уыцы æфсæддоны бинонтæн баххуыс кæнынимæ; сидзæрæй æмæ æнæ ныййарджыты æвджид баззайæг сывæллæттæн социалон æххуысы уæлæмхасæн мадзæлттæ æмæ æндæр фарстатимæ.

Уымæй уæлдай, федералон æмæ республикон закъонты проекты фæдыл æмбырды ныхас кодтой: Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæ**, наукæйы, ахуырады, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева**, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдар **Остъаты Георги** æмæ профилон комитеты сæрдар Качараты Олег.

Рахизфарсы районы социалон-экономикон райрæзтмæ йæ æнтыстджын æмæ æнæзæрдæхудт фæллойæ аккаг бавæрæн чи бахаста, царды алы къабæзты уыцы фæллойгæнджытæн æмбырды кæрон Тускъаты Таймураз радта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Кады гæххæттытæ æмæ Парламенты Сæрдары Арфæйы фыстæджытæ.

Фысымты номæй депутаттæн се 'рцыды тыххæй арфæ ракодта горæт Беслæны минæвæртты æмбырды уæнг, "Иры Стыр Ныхас"-ы районы советы сæрдар **Томайты Савели.**

— Адæм цæмæй цæрынц, цæмæй хъæрзынц, уый базонынмæ се 'хсæнмæ кæй цæут, уый тыххæй уын бузныг. Хицауад адæмимæ куы уа, æмæ се 'хсæн æнгом бастдзинад куы уа, уæд уымæй хуыздæр ницы ис", — загъта районы хистæрты минæвар.

Æмбырды фæстæ Тускъаты Таймураз, йемæ Фрайты Сослан æмæ Рахизфарсы районы бынæттон хиуынаффæйады сæрдар **Мырыкаты Хъазыбег** афтæмæй, æрзылдысты Беслæны райрæзты социалон-экономикон генералон пъланмæ гæсгæ горæты цы объекттæ арæзт кæнæ бындурон цалцæггонд æрцыдысты, уыдоныл, стæй, районы экономикæйы хъомысмæ йæ бавæрæн ахадгæ кæмæн у, ахæм куыстуæттыл, се 'хсæн: уæлæмхасæн ахуырады кусæндон "Сывæллæтты курдиæттæ рæзыны центр "Альтаир", консервгуыстгæнæг æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Карагро", нырыккондæр уавæртимæ 13-æм æмæ 1-æм рæвдауæндæттæ, ногарæзт 2-æм астæуккаг скъола, дыууæ мин спортуарзæгæн бынат кæм уыдзæн, Беслæны уыцы стадион "Пищевик", стæй ма Бруты хъæуы амбулатори.

Рахизфарсы районмæ кусæг балцы кæронбæттæн дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæртты фарстытæн дзуаппытæ дæтгæйæ, Парламенты Сæрдар куыд загъта, афтæмæй, цы федта, уымæй разыйæ баззад.

— Социалон-экономикон размæцыды сæйраг рахæццæнтæ сты национ проекттæ, æмæ не 'ппæт дæр федтам, Рахизфарсы районы уыдон æххæстгонд кæй цæуынц, уый. Уæдæ, нæ бæстæйы Президент Владимир Путины æмæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы фембæлды фæстæ Беслæны райрæзты тыххæй цы генералон пълан æрцыд фидаргонд, уымæн дæр йæ нысантæ — афтæ. "Альтаир", зæгъæм, цы Центр бабæрæг кодтам, уым рæзгæ фæлтæрæн ис, йæ зæрдæмæ хæстæгдæр кæмæн цы у, уымæ гæсгæ уæлæмхасæн ахуырад райсыны æппæт фадæттæ дæр. Агрокомплексы дарддæры рæзтæн дæр сбæлвырд кодтам хъæугæ мадзæлттæ, уымæн хорз цæвиттон — бизнес-проект "Карагро". Нæ дарддæры нысантæ дæр къухы бафтынил архайдзыстæм, æрмæст, æппæт æмвæзадты депутаттæ æмзонд куы уой æмæ нæм адæмимæ æнгомдзинад куы уа, уæд, — загъта Тускъаты Таймураз.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Барад

# Донсыгъдæггæнæн цадты уавæр

**Цæгат Ирыстоны донсыгъдæггæнæн цадтæ ногæй арæзт цæмæй æрцæуой, республикæйы Прокуратурæ уый домы.**

Нæ республикæйы фæзуатыл чи æрбынæттон, уыцы 14 донсыгъдæггæнæн цады уавæр фарон æмæ æндæраз бæлвырдгонд æрцыд. Цæстдарæн мадзæлттæ куыд равдыстой, афтæмæй амынд цадты техникон уавæр нывыл нæу. Иртасынады куысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, афтæмæй чъизигæнæг буаргъæдтæ сыгъдæггонд доны мидæг бауадзинаг бæрцæй фылдæр кæй ис, уый республикæйы экологон æмæ санитарон-эпидемиологон уавæрыл æвзæрæрдæм ахады.

Амынд æууæл нымайгæйæ, Прокуратурæ тæрхондонмæ барвыста дон фидаргонд нормативты онг ныссыгъдæг кæнынæн фадæттæ саразыны хъуыддаг бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæн бахæс кæныны тыххæй куырдиæттæ. Тæрхондæттæ æппæт куырдиæттыл æрныхас кодтой æмæ сын разыйы дзуапп радтой.

Беслæны, стæй Мæздæджы районы Павлодольскы станицæйы æмæ Притеречнæйы поселочы æрбынæттонуæвæг объекттæ ныридæгæн ногæй арæзт æрцыдысты.



2020-2026 азты фыццаградон уагæй баххæст кæнын кæй æмбæлы æмæ Уæрæсейы Хицауад кæй сфидар кодта, ацы азæн Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон райрæзты уыцы мадзæлтты номхыгъдмæ бахастой Мæздæджы районы Садовый поселочы æмæ Мæздæгæн йæхи мидæг æрбынæттонуæвæг объекттæ.

Алагиры æмæ Æрыдоны донсыгъдæггæнæн цадтæ аразыны (рацаразыны) фæдыл куыстытæ баххæст кæнынæн проектон гæххæттытæ бацæттæ кодтой.

Регионалон оргæнты æххуысæй бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ иннæ объекттæн æхцайæ æфсисады гуырæнтæ ссарынмæ арæзт куыст (уыимæ — объекттæ федералон программæтæм бахæссыны фæрцы) æххæст кæнынц.

**Юлия КОЛЛЕГОВА**

Юбилей

# Ахуыргонды сфæлдыстад

## ИСАТЫ МÆХÆМÆТЫ РАЙГУЫРДЫЛ СÆХХÆСТ 95 АЗЫ

**Наукæйы алы къабазы архайды фæндаг цы цырагъ рухс кæны, уый ахуыргæндты фæлтæртæ дæттынц къухæй-къухмæ. Ирон æвзагзонынады хъомысджын цырагъ æнусы æрдæджы размæ ссыгъта Уæрæсейы Наукæты академийы æцæг уæнг Андрей Шегрен. Уый фæстæ йæ ахаста æмæ йæ бæрзонд систа зындгонд уырыссаг ахуыргонд Всеволод Миллер. Бирæ азты йæ кадимæ сбæрзонд кодта дунейы зындгонддæр ирайнаг æмæ ирон æвзæгтæ иртасæг Абайты Васо. Ацы очерк ыныхас цæудзæн Абайты Васойы ахуыргæнинаг Исаты Мæхæмæты тыххæй. Уый фæндзай азы бæрц лæггад кодта, стыр зонд æмæ курдиаты хицау чи у, уыцы ахуыргæнæгæн.**

Васойы куыстытæ æмæ йын йæхиимæ уый фыццаг хатт базонгæ, Ленинграды университеты скæсæйнаг факультеты студент уæвгæйæ. Академиктæ Иван Мещанинов æмæ Василий Струве, Советон Цæдисы Наукæты академийы уæнг-корреспонденттæ Александр Фрейман æмæ Михаил Боголюбов, профессортæ Валентинæ Соколова, Аннæ Розенфельд, Иван Зарубин æмæ иннæтæй Абайты Васойы тыххæй æппæлæн ныхæстæ хъусгæйæ, курдиатджын студенты зæрдæйы райгуырд йæ ахуыргæнинаг суæвыны бæллиц. Æмæ университет фæуыны фæстæ бацыд Советон Цæдисы Наукæты академийы æвзагзонынады институты аспирантурæмæ, йæ разамонæг та сси Абайты Васо. Аспирантурæ рагагъоммæ фæуыны фæстæ йæ ныууагътой институты кавказаг æмæ ирайнаг æвзæгты секторы наукон кусæгæй. Уым ныр дæсгай азты куыста йæ уарзон ахуыргæнæгимæ.

Исаты Мæхæмæты наукон сфæлдыстады банкъарæн ис Абайты Васойы æнтыстджын ахадындзинад дæр. Уый алкæддæр йæ арм дардта йæ ахуырдзауыл, амыдта йын, цавæр темæ йæ райсын хъæуы иртасынмæ, уый. Нырма студент куы уыд, уæд диплом фыссыны рæстæг йæ фыццаг ныхас загъта ирон вокализмты тыххæй. Уæд йæ къухы бафтыд, ныронг бæрæггонд чи нæма æрцыд, ахæм даргъ фонемæ байгом кæнын. Йæ куыст мыхуыры рацыд 1954 азы. Уый уыд йæ бирæ мыхуыргонд наукон куыстытæн сæ фыццаг.

Мæхæмæты дарддæры æвзагзонынадон хъысмæт арæзт цыд аивæй йæ миддунейы скондимæ бастæй. Йæ удыхъæды хицæндзинад та уыд цавæрфæнды царды хабæрттæм дæр — фидар æмæ æргом ахастдзинад. Уымæ гæсгæ, ахуыргонд-иртасæджы æмæ наукæ парахатгæнæджы архайды сбæрæг сты æртæ хуызы здæхты: ирайнаг æвзагзонынад (уыимæ ирон æвзагзонынад дæр), "Интерлингвистикæйы лыггæнинаг фарстатæ (хæдæвзæрд æвзæгты типологи æмæ рæзгæ-ивгæ цард)", "Дунеон æххуысгæнæг æвзаджы лыггæнинаг фарстатæ", "Терминологийы интерлингвистон æууæлтæ". Уыцы æртæ фæзилæны дæр Исаты Мæхæмæт нымад уыд тæккæ раззагдæр специалисттæй иуыл. Ахуыргонды мыхуыргонд наукон куыстыты иумæйаг нымæц у 250 фылдæр. Уыдонæй 15 рацыдысты хицæн чингуытæй.

Исайы-фырты наукон куыстыты фылдæр хай фыст сты ирон æвзагзонынадыл. Ирон æвзагзонынады фарстатæй иунæг дæр æнæ æркастæй нæ баззад. Фæлæ уæлдай бæлвырддæр иртæстгонд æрцыдысты диалектологийы, фонетикæйы, историон æмæ нырыккон проблемæтæ, литературон æвзаджы рæзты фарстатæ, æмæ ма ирон æвзаджы ахуыр кæныны фразеологи æмæ истори. Мæхæмæты наукон куыстытæм бæлвырд цæстæй куы æркæсæм, уæд сæ адих кæнæн ис дыууæ хайыл: теоретикон æмæ сфыст кæм цæуы, ахæмтыл. Зæгъæн ис, æмæ ахуыргонд æрмæст информаци лæвæрдта, фæлæ адæмы тæрхонмæ хаста кæнæ хынцта ирон æвзагзонынады проблемæтæ, уымæй пайда кодта канд ирон æмæ ирайнаг æвзæгтæзонынады фæлтæрддзинадыл нæ, фæлæ иумæйаг æвзагзонынады теорийыл дæр.






Куыд зонæм, афтæмæй советон æвзагзонынад, раззагдæр уырыссаг æвзагзонынады традицитæ хынцгæйæ, алкæддæр йе 'ргом здæхта æвзаг æмæ æхсæнады бастдзинады проблемæтæм. Фыссынад саразыны хъуыддаджы æвзæгтæ иртасджытæ стыр æххуыс бакодтой чысыл адæмыхæттытæн. Фæлæ æрмæст 60-æм азты сбæрæг куыд сæрмагонд наукон здæхт социологон æвзагзонадон ахаст Советон Цæдисы национ-æвзагзонадон проблемæтæм.

Исайы-фырты иртасæн куыстытæ социологон æвзагзонынады стыр æвæрæн бахастой советон æвзагзонынады теоримæ æмæ сын ис канд теорион нæ, фæлæ практикон ахадындзинад дæр. Историон æвзагзонадон цæстæй кæсгæйæ дзы æвдыст цæуынц национ æвзагзонынады проблемæтæ. Уыдоныл куыстой советон æхсæнад иртасджытæ культурон революцийы рæстæг, бæрæггонд цæуынц советон адæмыхæттыты национ культурæтæ æмæ æвзæгты рæзты фарстатæ (чиныг "ССР Цæдисы æвзæгты тыххæй" М., 1978); социологон æвзагзонадон характеристикæ лæвæрд цæуы Советон Цæдисы 130 адæмыхæттыты æвзæгтæн; æвзагзонынад æмæ философийы æхсæн фыццаг хатт каст æрцыд национ æвзагзонынадон проблемæтæм ("Æвзаг æмæ наци" М.,1973); иртæстгонд цæуынц æппæт фыссынадтæ æмæ литературон æвзæгты рæзты процестæ ("Æвзаджы арæзтад ССР Цæдисы" М., 1979).

Уæлдайдæр зæгъын хъæуы дыууæ чиныджы тыххæй. Сæ иу у ("Абайты Васо", Орджоникидзе, 1980 аз), мыхуыры рацыд Абайты Васойы 80 азы юбилейы кадæн. Уым ахуырдзау бæлвырд æмæ бæстон раиртæста, йæ наукон куыстытæ 60 азы дæргъы Советон Цæдисы бирæ горæтты æмæ æндæр бæстæты мыхуыры кæмæн цыдысты, уыцы ахуыргæнæджы сфæлдыстад, раргом кодта ахуыргондæн йæ наукон архайды бирæвæрсыгдзинад æмæ нысаниуæг.

Иннæ чиныджы ("Адæмтæфсымæртæ, æвзæгтæ-æфсымæртæ. Уырыссаг-ирон æвзагон-культурон æмахастдзинæдтæ". Орджоникидзе, 1987), уый фыст æрцыд æмавторимæ, историон-æвзагзонадон æгъдауæй иртæстгонд цæуы дзæвгар æрмæг æмæ дзы равдыстой уырыссаг æмæ ирон адæмты ахастдзинæдтæ мингай азты дæргъы.

Ахуыргонды социологон здæхт æнгом баст уыд, дунейы адæмты 'хсæн æххуысы æвзаг саразыны хъуыддагмæ. Стыр адæмуарзон хъуыды у: саразын æмæ парахат кæнын, дунейы адæмты иумæ чи бæтта, ахæм æвзаг. Уыцы диссаджы хъуыды сæххæст кодта доктор Заменгоф. Исайы-фырты зæрдæмæ йæ æрыгон азты рæстæг фæндаг ссардта æвзаг — эсперанто æмæ уый зæрдиагæй архайдта уыцы æвзаг Советон Цæдисы æмæ æгас дунейы дæр парахат кæнынил.

1973 азы Исаты Мæхæмæт æвзæрст æрцыд Советон æхсæнадты фæсарæйнаг бæстæтимæ хæлардзинады æмæ культурон бастдзинæдты эсперанто къамисы президентæй — Эсперантистты дунеон змæлды президентæй — сабырдзинадыл тохгæнджытæ. 1979 азæй та сси Советон эсперантистты ассоциацийы фыццаг президент. Афтæмæй зæрдиагæй архайдта дунейон сабырдзинады акциты.

Исаты Мæхæмæты разамындæй фыст æрцыд коллективон куыстытæ "Проблемы интерлингвистики (типология и эволюция искусственных языков)", "Проблемы международного вспомогательного языка", "Интерлингвистические аспекты терминологии", Исайы-фырт ма у ахæм чингуыты автор — "Эсперантойы æвзаг" æмæ "Эсперантойы æвзаджы ахуыргæнæн чиныг".

Ахуыргонды наукон-æхсæнадон фæндтæ царды рухс федтой йæ педагогон архайды. 1954 азæй 1959 азмæ ирон æвзагзонынадæй курсытæ каст Михаил Ломоносовы номыл Мæскуыйы паддзахадон университеты филологон факультеты скæсæйнаг хайады ирон студенттæн; 1971 азæй 1981 азмæ та — иумæйаг æвзагзонынадæй теоретикон курс каст Михаил Горькийы номыл Литературон институты тæлмацгæнæн кафедрæйы таджикаг къордтæн. Арæх ирон æвзагзонынадæй æмæ социологон æвзагзонынадæй лекциты курсытæ каст Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты, Цхинвалы пединституты, Душанбейы паддзахадон университет æмæ пединституты студенттæн. Ноджы ма теоретикон курсытæ иумæйаг æвзагзонынадæй каст Морис Торезы номыл фæсарæйнаг æвзæгты Мæскуыйы паддзахадон педагогон институты.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ 30 студентæй фылдæр систы Исаты Мæхæмæты аспиранттæ. Уыдонæн се 'мбис диссертацитæ ныффыстой ирайнаг æвзæгтæ иртасынадæй (ирон æмæ таджикаг æвзæгтæ), иннæтæ та социалон æвзагзонынад æмæ интерлингвистикæйæ.

Исайы-фырт зæрдиагæй архайдта æхсæнадон-политикон царды дæр. Советон Цæдисы Наукæты академийы æвзагзонынады институты æвзæрст æрцыд фæскомцæдисон æмæ партийы комитеты нымæрдарæй, уыд профцæдисы сæрдар дæр. Дыууæ хатты æвзæрст æрцыд Мæскуыйы адæмон депутатты районы советмæ. Разамынд лæвæрдта Советон Цæдисы уæлдæр аттестацион къамисы экспертты къордæн, зæрдиагæй лекцитæ кæсы Æппæтуæрæсеон æхсæнад "Зонынад"-æн.

Афтæмæй мах уынæм ахуыргонды бæркадджын фæндаг. Ахуыргонд хъуыды кодта йæ дарддæры фæндагыл, йæ къухы цы нæ бафтыд, ууыл. Æппæт хъарутæй дæр архайдта мадæлон æвзæгты рæзтыл, уыимæ уырыссаг æвзаг дæр Уæрæсейы адæмты 'хсæн парахат кæныныл, куыд нæ бæстæйы адæмты иугæнæг æвзаг.

***P.S. 2011 азы Исаты Мæхæмæт ацыди йе 'цæг дунемæ, фæлæ йæ фарн уæлæуыл баззад. Æмæ ма бирæ азты лæггад кæндзæнис не 'взаг æмæ культурæйæн.***

**ГАЛАЗТЫ Æхсарбег,**
**ТАХЪАЗТЫ Харум**
***("Рæстдзинад"-ы архивæй)***

# Дзырддзæугæтæ Мæхæмæты тыххæй

❁ ❁ ❁

Зындгонд ирон æвзагиртасæг, Уæрæсейы æрдзон наукæты академийы уæнг, филологон наукæты доктор, профессор, Цæгат Ирыстоны æмæ Хуссар Ирыстоны наукæты сгуыхт архайæг, Уæрæсейы Наукæты академийы сæйраг наукон кусæг Исаты Мæхæмæт фæцыд уæззау æмæ гуыргъахъ фæндæгтыл. Йæ фæллойуарзондзинады, иртасæн куыстмæ курдиаты фæрцы хуымæтæг хъæуккаг лæппуйæ схызт стыр ахуыргонды бæрзæндмæ, ссис æппæт бæстæйы зындгонд æвзагиртасæг. Йæ сисы бынæй рацыд 260 наукон куыстæй фылдæр, уыдоны 'хсæн 17 монографийы ирон æмæ ирайнаг æвзагзонынады, социолингвистикæ, интерлингвистикæ, кавказиртасынад æмæ уырыссаг æвзагиртасынады проблемæтыл. Йæ наукон куыстытæн æвзагзонынады наукæйы ис стыр теоретикон æмæ практикон нысаниуæг.

Уый канд бирæвæрсыг ахуыргонд нæ уыд, фæлæ ма суинаг филолог-педагогтæ, филолог-ахуыргæндтæ хъомылгæнæг. Йæ арфхъуыдыджын æмæ мидисджын лекцитæм студенттæ цымыдисæй хъуыстой Мæскуыйы æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университетты, æмæ ма нæ бæстæйы иннæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты дæр.

Йæ наукон разамындæй кандидатон диссертацитæ бацæттæ кодтой æмæ бахъахъхъæдтой 30 адæймагæй фылдæр, æмæ ныр æнтыстджынæй кусынц нæ бæстæйы алы институтты, уыимæ нæхи Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты дæр. Йæ руаджы æнтыстджынæй куыста нæ университеты кандидатон æмæ докторон диссертациты совет филологон наукæтæй.

Æхсызгон у, наукон æмæ педагогон куыстæй ахæм æнæвдæлон уæвгæйæ, рæстæг ардта патриотон æмæ æхсæнадон куыстæн дæр. Уыд Уæрæсейы адæмты Ассамблейы сæрдары хæдивæг æмæ Уæрæсейы Федерацийы национ фарстаты фæдыл Паддзахадон Думæйы Сæрдары консультант.

**МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег,**
**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты президент**

❁ ❁ ❁

Мæхæмæт уыд зындгонд ахуыргонд, фыдыбæстæйаг æвзагзонынады стыр аргъ кæмæн ис, диалектологи, социолингвистикæ æмæ æвзаджы иумæйаг теорийыл бирæ наукон куыстыты автор. Йæ разамындæй схъомыл, уæлдæр квалификаци кæмæ ис, Уæрæсейы Федерацийы наукæ æмæ ахуырады системæйы зынгæ бынат чи бацахста, бирæ ахæм специалисттæ.

Уый хауы уыцы ахуыргæндты номхыгъдмæ, наукæмæ стыр æмæ уæздан уарзондзинады æнкъарæнты тыххæй чи цæры æмæ фæллой кæны, уыдонмæ.

**Барасби КАРАМУРЗОВ,**
**Кæсæг-Балхъары университеты ректор**

❁ ❁ ❁

— Исаты Мæхæмæты æхсæнадон-политикон архайдмæ хъæуы фылдæр æргом аздахын. Бирæ рæстæг уыд ирон æхсæнады, стæй та Хистæрты советы разамонæг — йæ ныхасæн ын иууылдæр стыр аргъ кодтой. Тæвдтуг хохаг лæппуйæн йæ бон уыд ирон кæй у, уый йæ зæрдыл æрлæууын кæнын, æмæ йæ хæс уыцы кадджын ном ма фæхудинаг кæнын кæй у, уый.

**БЕРИТЫ Алыксандр,**
**профессор, мæскуыйаг ирон диаспорæйы советы уæнг**

❁ ❁ ❁

— Исаты Мæхæмæты наукон куыстытæн куыд аргъгонд цæуы, уымæн æвдисæн у, Абайты Васо йæ йæхицæн æмбалæн æмæ æмтохгæнæгæн кæй равзæрста, уый. Мæхæмæтмæ Ирыстоны фæсивæды сфæлдыстадон гæнæнтæ æгæрон кастысты æмæ сын йæ зонындзинæдтæ лæвар кодта æнæвгъауæй.

**КЪОМАЙТЫ Риммæ,**
**профессор, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат**

❁ ❁ ❁

— Мæхæмæты тыххæй бирæ дзурæн ис. Уый уыд, æппæт Уæрæсейы дæр зындгонд чи уыд, ахæм алывæрсыг адæймаг. Зын зæгъæн у, 90-æм азты нæ республикæйы цы уавæр сæвзæрд, уый нывыл кæнынады йын цы ахадындзинад уыд, уый. Кæд уыцы рæстæг бирæтæ йæ ныхмæ дзырдтой, ницы архайы, зæгъгæ, уæддæр уый уыд æцæг патриот æмæ архайдта, цæмæй быцæудзинад закъоны бындурыл фидыд æрцæуа.

**САБАЙТЫ Сулейман,**
**филологон наукæты доктор, профессор**

Газеткæсджыты сфæлдыстад

## "Йæ рухс ном у, дзуарау, æвæдза, мæнæн"



**Сæдæ æхсай азæй фылдæр хæххон стъалы Хетæгкаты Къостайы рухс ном — ирон номдзыд адæмы номхыгъды у фыццаг. Йæ цард, йæ курдиат йæ адæмæн нывондæн чи æрхаста, йæ адæмы сагъæстæ, йæ адæмы хъуыдытæ бæрзонд аивадон æмвæзадмæ чи систа æмæ сæ дунейы дзыллæтæм чи рахаста, уарзт йæ кувæндон кæмæн уыд, æгас дуне та йæ аргъуан, уыцы нарон лæппу поэзийы бæрзæндтæй æркæсын кодта дунейы дзыллæты йæ адæмы уæззау цардмæ. Ахæм фыссæг зынтæй разындзæн, æмæ Хетæджы-фыртыл йæ зæрдæйы сагъæстæ чи нæ сфæлдыста, уымæн æмæ æввахс лæууыд хуымæтæг адæммæ, цард сæ цæрайæ. Абон уын, зынаргъ газеткæсджытæ, радон хатт уæ размæ хæссæм, Дзæуджыхъæуæн стыр кад чи кæны, чи йæ уарзы, уыдонæй иу — бынæттон администрацийы минæвар ДЖИОТЫ Хъазыбег Хетæджы-фыртыл цы зæрдæмæхъаргæ рæнхъытæ снывæзта, уыдон. Куы сæ кæсай, уæд, æнæмæнг, банкъардзынæ, Джиойы-фыртæн йæ царды Хетæгкаты Къоста цы стыр бынат ахсы, уый.**

**ДЖИОТЫ Хъазыбег**

### МÆ САГЪÆС

*(Ныхас Къостайы къамимæ)*

*Кæсын та ногæй æз Къостамæ,*
*Мæ разы стъолыл ис йæ къам.*
*Зæххон уд нæу, — уæларвон стъалы!*
*Цыма йæхæдæг бады ам.*

*Йæ сагъæс рæстæджы нæ ивы,*
*Хуыцауы аргъуанау йæ мусонг.*
*Йæ хъуыды, стъалыйау, æрттивы,*
*Йæ зонд, йæ ныхас сты æнусон.*

*Æдзынæг къаммæ йæм кæсын,*
*Рæдыд мæ зæрдæмæ хæссын.*
*Бæрæг нæ нал ис, чи, цы стæм,*
*Кæд иу туг, иу стæг ыстæм.*

*Уæд нæм куыннæ хъуысы йæ хъарæг*
*Нæ фидæн, сомбоны фæдыл.*
*Цæуыл у ныр нæ хъæлдзæг зарæг?*
*Къостайы рагон тыхст — мæтыл.*

*Цæлмондаг мулчы фæдыл ныр,*
*Цæуæм нæ кад, нæ æфсарм ивгæ.*
*Нæ хох нын раивта быдыр,*
*Фыдæлты 'гъдау, бæркад æссивгæ.*

*Фæдис, фæдисы хъæр — фæлæуу!*
*Лæгдзинад бахъуыди дывазæй.*
*Мыййаг, кæд лæгты рæстæг нæу...*
*Ныртæккæ 'взæртæ ысты разæй.*

*Нæ къух фыдыуæзæгыл систам.*
*Не 'взаг — рох æмæ гуылмыз.*
*Тæрсын, куы ферох кæнæм — чи стæм?*
*Куы фесæфа нæ ирон хуыз.*

### НАРОН

***Къоста уыдис Нарон,***
***Йæ ныхас æцæг.***
***Къостайæ дæсныдæр***
***Кæм уыдис фыссæг?***

***Æрцæуæг æлдарæй***
***Нæхиуон — тыхджын.***
***Къостайы ныхасæй***
***Йæ адæм — ныфсджын.***

***Нæу абон йæ ныхас***
***Нæ фæлтæрæй рох.***
***Йæ хъуыды, йæ кадæй***
***Фидауы нæ хох.***

***Куы уын зæгъын — Нарон...***
***Ныр дæр уым — йæ цырт.***
***Йæ рухс цард уын хъарон...***
***Нæ фæуыдзæн дзырд.***

***Нæ рухс цард мах абон***
***Нæ барæм уæдыл,***
***Нæ хъуыды, нæ сагъæс —***
***Къостайы мæтыл.***

***Нæ хъуыды, нæ зондыл***
***Лæудзæнис йæ кад,***
***Нæ зæгъдзæн зæххон уд:***
***— Йæ цард уыд æгад.***

***Ыскодта нæ Ирæн***
***Æнæмæлгæ кад.***
***Фысджыты къæбицмæ —***
***Æнусон бæркад.***

***Нар, радтай Къостайы***
***Лæггад кæнынæн.***
***Йæ рухс ном у, дзуарау,***
***Æвæдза, мæнæн.***

***Йæ фыды тызмæгдзаст,***
***Æнæрæвдыд, гъе...***
***Дзæнæты фæбада***
***Ысхæссæг Чендзе.***

***Уæлладжыры комæй***
***Йæ гени, йæ ном.***
***Æстъалыйау ратахт,***
***Ныррухс кодта ком.***

***Уыд дуне йæ хæдзар,***
***Йæ хъуыды — дзуар.***
***Ныттыгъта йæ бæстæн***
***Йæ рухс уды дуар.***

***Уый дзыллæты кадæн,***
***Йæ сæрвæлтау цард.***
***Хуымæтæг лæггадæн***
***Ыстыр кодта кад.***

## Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Рамбылдтой сыгъзæрин æмæ æвзист майдантæ

**Республикæ Дагестаны, горæт Каспийскы грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй цыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ фæсивæды (24 азы онг) 'хсæн.**



Ирыстонæй ерысты архайдтой тренертæ **Гаглойты Вахтанг** æмæ **Гуыдиаты Ильяйы** хъомылгæнинæгтæ: **Дойаты Арсалан, Дзасохты Чермен** æмæ **Бохаты Давид**.

Каспийскы бæрæггонд цыдысты, Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм бар лæвæрд кæмæн æрцæуыдзæн, уыцы богæлттæ. Уый тыххæй бацахсын хъуыдис 1-3-æм бынæттæй иу.

Ирыстоны минæвæрттæй уыцы балцæгтæ рамбылдтой Дойаты Арсалан æмæ Дзасохты Чермен.

Арсалан, 63 кг онг уæзы хæцгæйæ, фæуæлахиз йæ фондз ныхмæлæууæгыл æмæ ссис ерысты уæлахиздзау. Фыццаг бынат бацахсынмæ хæстæг уыд Дзасохты Чермен дæр. Уый хорз рахæцыд æмæ фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл, фæлæ кæронбæттæны фембæлды хæрзчысыл фæкъуылымпы æмæ фæхæрд 1:2 хыгъдæй. Афтæмæй рацыд 2-аг бынатмæ. 3-аг бынат рамбулын нал бантыст Бохаты Давидæн, 72 кг онг уæзы хæцгæйæ, фæлæ, æмткæй райсгæйæ, Гаглойты Вахтанг æмæ Гуыдиаты Илья нæ богæлтты архайд банымадтой æнтыстджыныл.

Ныр Дойаты Арсалан, Дзасохты Чермен æмæ ма, уыдоны разæй балцæгтæ чи рамбылдта, уыцы богæлттæ **Уалыты Сослан** (55 кг) æмæ **Хуыбиаты Азæмæт** (130 кг) сæхи цæттæ кæндзысты Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм. Уыдон июны цæуддзысты Татарстаны.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Ирон æмбисæндтæ

***Ирон адæм гæрзты хорз æмæ знаджы бирæйæ нæ тарстысты.***

***

*Знагмæ хъæддых куынæ фæлæууай, уæд дын фыдбылызтæ сараздзæн.*

***

***Хæмпæлыл арт куы бандзарай, йæ тæрхъустæ лидзын уæд байдайынц.***

***

*Кæд дæ фæнды — комгæс ныллæууу, кæд дæ фæнды — сурæг.*

***

***Иугæр хæсты бацыдтæ, уæд искæй зондмæ ма хъус.***

***

*Иугæр хæсты бацыдтæ, уæд хъуамæ дæхи фæнд атæрай.*

***

***Хæсты хъуамæ дæхи фæнд атæрай.***

## Хъæлдзæг радзырд

# Сабийы фыдракæнд

*Сабитæ ма уыдыстæм, афтæмæй нæ сыхы иу мæгуыр бинонтæ чындз хастой. Мах бирæ фæразгъор-базгъор кодтам кæрты, уынджы. Фæлæ нын иу хай авæрæг нæ фæци. Æххормаг та куыд нæ уыдыстæм.*

*Изæры талынджы быруйы сæрты кæсæм æмæ цæхæрадоны лæгтæ дзаг фынджы уæлхъус бадынц, минас кæнынц, нуазынц. Афтæмæй махæн нæ комы дæттæ уайынц.*

*Уæд уалынмæ тамако адымынмæ сыстадысты æмæ сарамæ бахызтысты. Мах дæр ма уымæй хуыздæр цы хъуыдис. Быруйы сæрты багæпп кодтам иу 4-5 лæппуйæ, фынгмæ бауадыстæм æмæ, талынджы йæ къух кæмæн цæуыл хæст кодта, уыимæ фæстæмæ расæррæтт кодтам. Мæнмæ дæр дзы цыдæр дынджыр дзидзайы кæрдих æрхаудта.*

*Фæлæ быруйы сæрты куы хызтыстæм, уæд нæ чидæртæ ауыдтой æмæ фæфæдис сты, фæстейæ нæ расырдтой.*

*Мах — лидзынмæ. Уыдон хъæр кæнынц:*

*— Æрлæууут! Сæр кæдæм хæссут æнаггæгтæ, ахæмухæмтæ?!*

*Æз ма лидзгæйæ ахъуыды кодтон ме 'мбæлттыл: "Æдылытæ, цымæ сæр кæдæм рахастой!"*

*Уалынмæ мæ къухмæ æркастæн, æмæ дын мæнæ фысы сæры бырынчъытыл хæцын. Айдæгъ! Куыд нæ фæтарстаин, ныр мæ мардзысты, зæгъгæ. Кæд мыл цыдис иу 8 азы, уæддæр æмбæрстон, сæрæн ахсджиаг нысан кæй ис, уый.*

*Цæвиттон, цъымарайы цурты лидзгæйæ, фысы сæр уырдæм ныззывытт кодтон, æмæ нæ тæккæ хæдзармæ, цыма ницы уыдис, афтæ æрбафардæг дæн.*

*Уыцы лæгтæ фынгыл нал сбадтысты, сæр агурæг хæдзар-хæдзар зилгæ ацыдысты, лæппутæ кæмæ уыдис, уыдоныл. Иу сахаты фæстæ фæд мæнмæ æрбацыдис, уæдæ цы уыдаид. Иннæтæн сæ хæйттæ бæлвырд уыдысты. Сыхæгты лæг мæ комкоммæ мæстыйæ афарста: "Цы фæкоттай сæр?" æнæбасæтгæ ма мын цы уыдис.*

*Райсомæй лæгтæ цъымарайы сæр фæагуырдтой (мæгуыр хæдзар, кусарт дæр фысæй акодтой. Фылдæрæн нæ фаг кодтой. Уыцы сæр æмæ бæрзæйыл ма дыккаг бон хъуамæ хуындзæутты дæр сбадын кодтаиккой).*

*Ницыуал дзы рауадис. Æвæццæгæн, æхсæв сыхы куыйтæ хорз фæминас кодтой сæры цъæрттæй.*

*Уæд лæгтæ æхца сæмбырд кодтой æмæ базары æндæр сæр балхæдтой.*

***БАРДЗИНТЫ Мысосты мысинæгтæй***

## БИРÆГЪТЫ Ю.Г.

Цæгат Ирыстонил æрцыд уæззау зиан — царды 85-æм азыл уæззау низы фæстæ амард Бирæгъты Григорийы фырт Юри. Йæ удыхъæды рæсугъд миниуджытæ æмæ бæрзонд професион дæсныйадæй алкæддæр бæрæг чи дардта, уыцы адæймаг йæ фæллойадон фæндагыл хуымæтæг инженеры бынатæй акъахдзæф кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары бынатмæ. Бирæгъы-фырт зынгæ бынат ахста республикæйы æхсæнадон-политикон цард, бирæ арфæйаг хъуыддæгтæ сарæзта регионы дарддæры социалон-экономикон райрæзтæн.



Бирæгъты Ю.Г. райгуырд 1938 азы горæт Черкесскы. 1960 азы Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институт каст куы фæци, уæд кусын райдыдта конструкторон бюро "Цветметавтоматикæ"-йы Цæгат Кавказы филиалы 8-æм лабораторийы къорды разамонæгæй. 1966 азы нысангонд рцыд СЦКП-йы Промышленнон районы комитеты промышленнон-транспортон хайады инструкторæй.

1968 азы æрлæууыд дзæуджыхъæуккаг завод "Динамо"-йы сæргъы (уыцы бынаты бакуыста 6 азы).

1975-1979 азты Бирæгъты Ю.Г. уыд СЦКП-йы Орджоникидзейы горæты комитеты промышленнон-транспортон хайады хицау.

1979 азы Бирæгъы-фырт нысангонд æрцыд завод "Электроконтактор"-ы директорæй. Уыцы бынаты ирдæй разындысты йæ бæрзонд профессион дæсныйад æмæ адæмыл узæлынад. Йе 'мкусджытæ йын алкæддæр кодтой стыр кад.

1984 азы Бирæгъты Юрийы равзæрстой СЦКП-йы Ленины районы комитеты, фæстæдæр та — СЦКП-йы Орджоникидзейы горæты комитеты фыццаг секретарæй.

1989 азы æвзæрст æрцыд СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны облæстон комитеты секретарæй. Иу азы фæстæ та — ЦИАССР-йы Сæйраг Советы Сæрдары фыццаг хæдивæгæй.

1995 азы Бирæгъы-фырт нысангонд æрцыд РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдарæй. Уыцы зын рæстæджыты йæ профессион дæсныйад æмæ куырыхондзинад хорзæрдæм сахадыдтой республикæйы социалон-экономикон уавæрыл.

1998 азы кусын райдыдта Уæрæсейы Федералон миграцион службæйы разамонæджы фыццаг хæдивæгæй.

2000-2002 азты уыд Иугонд Нациты Организацийы Лыгъдæтты хъуыддæгты фæдыл управленийы уынаффæгæнæг.

Алы азты Бирæгъты Ю.Г. разамынд лæвæрдта РЦИ-Аланийы хицауадон делегацитæн ирон-мæхъхъæлон æмæ ирон-гуырдзиаг ахастдзинæдтæ банывыл кæныны фæдыл, æртæ хатты æвзæрст æрцыд РЦИ-Аланийы Сæйраг Советы депутатæй, уыд Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы уæнг.

2002 азы Бирæгъы-фырт сси акционерон æхсæнад "Одежда"-йы генералон директор æмæ йе 'ппæт хъарутæ дæр сарæзта уыцы зындгонд куыстуаты раздæры кад сног кæнынмæ.

2004-2021 азты разамынд лæвæрдта Уæрæсейы Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы Цæгат Ирыстоны хайадæн.

Бирæгъты Ю.Г. йæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджын æрцыд бирæ хæрзиуджытæй. Уыдоны нымæцы: РЦИ-Аланийы Кады грамотæ, УФ-йы Хицауады Кады грамотæ, майдан "Ирыстоны намысæн".

Зынгæ паддзахадон архайæг, æцæг патриот Бирæгъты Григорийы фырт Юрийы ном æнустæм базайдзæн нæ зæрдæтæ æмæ Цæгат Ирыстоны азфысты.

**МЕНЯЙЛО С.И.**
**ТУСКЪАТЫ Т.Р.**
**ДЗАНАЙТЫ Б.Б.**

## Зонындзинад

# Документалон кинонывы фыццаг равдыст

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хæлардзинад æмæ национ культурон бастдзинæдты хæдзары уыд документалон кинонывы презентаци "Дзæуджыхъæуы немыцæгтæ. Трагикон æмæ бæрзондад". Бацæттæ йæ кодта Цæгат Ирыстоны немыцаг национ-культурон æхсæнад "Возрождение".**

Уазджытæ базонгæ сты республикæйы зындгонд немыцаг адæмы историимæ. Дзырд дзы цæуы, Ирыстоны цæрæг æмæ Ирыстонимæ баст немыцаг адæм йæ райрæзтыл куыд архайдтой, æмæ йæм цы 'вæрæн бахастой, ууыл. Равдыстой, бирæ адæмыхæттытæ цы трагикон хъысмæт бавзæрстой, уый. Æвдыст дзы цæуынц XX æнусы фыццаг хайы политикон репресситæ дæр.



— Ацы киноныв цымыдис фæкæсдзæн бирæ адæммæ, уæлдайдæр та, Дзæуджыхъæуы архитектор Павел Шмидты арæзт хæдзæрттимæ зонгæ чи у, уыдонмæ. Уæдæ, Миллеры уынгты цæугæйæ, куыннæ ис æрымысæн, ирон æвзаг иртасынмæ, академик цы егъау æвæрæн бахаста, уый дæр, — загъта Цæгат Ирыстоны немыцаг национ-культурон æхсæнад "Возрождение"-йы сæрдар æмæ сценари ныффыссæг **Роберт Айзверг**.

Уый куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы æрмæджытæ æмбырдгонд цыдысты бирæ азты.

Уазджытæ тынг цымыдисæй бакастысты кинонывмæ, æмæ уый фæстæ сæ арфæйы ныхæстæ загътой йæ авторæн.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

## Дзырдбыд



**ФÆРСÆРДÆМ:** 5. Цæрæнбынат. 6. Ирон фыссæджы ном. 9. Доны цæрæгой. 11. Химион элемент. 12. Паддзахад Африкæйы. 15. А.П. Чеховы радзырд. 17. Ныхасы хай. 18. Агæвæрæн. 19. Ирон бæрæгбон. 20. Цæугæдон Казахстаны. 24. Хæстон балц. 25. Дидинæг. 26. Судзагхал. 29. Фæсарæйнаг æхца. 30. Ком Цæгат Ирыстоны. 31. Згъæры хомаг. 33. Хъæдгуыстгæнæн дзаума. 34. Æххормаг.

**БЫНÆРДÆМ:** 1. Хъæууонхæдзарадон культур. 2. Хæдзарон маргъ. 3. Нæртон нозт. 4. Тыхджын дымгæ зымæгон. 7. Зындгонд советон музыкант. 8. Плиты Грисы æмдзæвгæ. 10. Сабыр, æнæуынæр. 13. Æрвыст лæг. 14. Ныхасы хай. 16. Ирон мифологийы бирæгъты бардуаг. 18. Нымæц. 21. Хæдзары дзаума. 22. Горæт Францы. 23. Музыкалон инструмент. 27. Афæдзы афон. 28. Нарты кадджыты архайæг. 31. Дыргътæ, адджинæгтæ иумæ бастæй. 32. Бæлас.

### Дзуаппытæ 1 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСÆРДÆМ:** 7. Уырызмæг. 9. Сакъадах. 10. Уадымс. 11. Ноябрь. 12. Хæдон. 14. Сырд. 15. Инди. 16. Заир. 18. Клин. 20. Хъама. 21. Куатæ. 22. Радон. 24. Сайра. 26. Бокс. 27. Гойя. 29. Осло. 30. Кори. 31. Горга. 34. Онегин. 36. Лавсан. 37. Къæрæмис. 38. Бедзенæг.

**БЫНÆРДÆМ:** 1. Быламыхъ. 2. Сывылдз. 3. Æмыс. 4. Акын. 5. Шаляпин. 6. Лабрадор. 8. "Гетæ". 9. Соло. 12. "Хорхæссæг". 13. Никарагуа. 17. Адамо. 19. Индий. 23. Æхсынцъы. 25. Сæрдасæн. 26. Болгари. 28. Яковлев. 32. Опус. 33. Герб. 35. Немо. 36. Лида.

## Равдыст

# Терчы хъазахъхъы историйы сыфтæ

**Фонд "Фыдыбæстæйы истори"-йы хъæппæрисæй Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты байгом историон-документалон равдыст "Кавказы хъазахъ — Фыдыбæстæйы иузæрдион фырттæ" æмæ тымбыл стъол проекты темæйыл.**



Равдысты раныхас кодта ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан**:

— Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты хъæппæрисæй фыст æрцыд иртасæн куыст æмæ Уæрæсейы историон æхсæнад æмæ "Фыдыбæстæйы истори"-йы фонды хъæппæрисæй арæзт æрцыд ацы равдыст "Кавказы хъазахъ". Ахсджиаг хъуыддаг у, абон хъазахъхъы историйы тыххæй кæй дзурæм. Уыдон, æнæмæнгæй, стыр æвæрæн бахастой ацы регионы рæзтмæ. Хъазахъ алкæддæр фидар цæджындз уыдысты Фыдыбæстæ хъахъхъæныны хъуыддаджы.

Архайдтой ма дзы Цæгат Ирыстоны æхсæнадон организацитæ æмæ хъазахъхъы æмæхсæнæдтæ.

Хъазахъхъы истори рагæй-æрæгмæ дæр дисы æфтауы, уый ууыл дзурæг у, æмæ Фыдыбæстæйы хъысмæты сæ архайд зынгæ бынат ахсы. Цæгат Кавказы хъазахъ цæрынц фæстаг фондз æнусы дæргъы, суанг Иван Грозныйы паддзахиуæгæй абонмæ. Уыдон цардысты æмæ архайдтой Уæрæсейы хуссайраг регионты. Ацы зæххытæ алкæддæр уыдысты нæ бæстæйы ахсджиагдæр, геостратегион нысаниуæг кæмæн ис, ахæмтæ.

Хъазахъ хъæбатырдзинад равдыстой, паддзахы конвойы службæ кæнгæйæ, уырыссаг-туркаг хæсты XX æнусы райдианы цауты, Фыццаг дунеон хæст æмæ 1917 азы революцийы.

Æхсар æмæ лæгдзинад равдыстой хъазахъ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг дæр. Фашистон Германыл Уæлахизмæ стыр æвæрæн бахастой Терчы хъазахъ. Æнустæм æнæмæлгæ баззадысты сæ нæмттæ: адмирал **Арсений Головко**, контр-адмирал **Цæллагты Пантелей**, инæлар-лейтенант **Василий Терентьев**, инæлар-майор **Байтугъанты Михал** æмæ иннæтæн.

Абон дæр батальон "Терк" архайы Сæрмагонд хæстон операцийы Украинæйы. Дыууæ мин теркаг хъазахъхъаджы хъахъхъæнынц Донецкы, Луганскы Адæмон Республикæты, Запорожье æмæ Херсоны облæстты цæрджыты. ЦИПУ-йы цы равдыст байгом, уый æвдисы Кавказы хъазахъы истори алы рæстæджыты. Экспозицийы ма æвдыст æрцыдысты хæцæнгæрзтæ æмæ хæдзарон дзаумæттæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. ТЕЛ.: 8-989-037-18-04.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администраци хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны бинонтæ æмæ хиуæттæн, РЦИ-Аланийы Хицауады раздæры Сæрдар

**БИРÆГЪТЫ Григорийы фырт Юри**

кæй амард, уый фæдыл.

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

**НАСХЪИДАТЫ Хамырзæйы фырт Цæрай**

кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты 8 апрелы, сабаты, Алагиры, Кавказаг уынджы 108-æм хæдзарæй.

Ремонт стиральных машин и холодильников. ТЕЛ.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Номыры радхæссæг редактор — **Гобозты Агуындæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;** 2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3439. Заказ № 379. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**